



Mouye yo

MOUYE yo avèk dlo tyèd
(omwen 100°F) epi mete savon



Lave yo

LAVE yo avèk savon (omwen 10 a 15 segonn),
pandan w ap fwote yo fò ak netwaye anba zong ou



Rense yo

RENSE yo anba yon wobinèt dlo tyèd ki pwòp



Seche yo

SECHE yo avèk sèvyèt papye jetab oswa anba
sechwa ki soufle van cho

Anplwaye, Tanpri Lave Men w

Lave men w ANVAN ou:

- ▶ Kòmanse pare manje.
- ▶ Travay avèk aparèy oswa zouti ki pwòp.
- ▶ Mete gan pou travay avèk manje tou
pare, ki konn rele “ready-to-eat” (RTE).
- ▶ Kòmanse yon travay pou asezonné manje.
- ▶ Fin travay avèk manje kri, pou kòmanse
tavay avèk manje RTE.

Lave men w APRE ou:

- ▶ Sèvi ak twalèt.
- ▶ Sispenn yon travay ou t ap fè nan manje
(tankou pou reponn telefòn, ouvri yon pòt
oswa yon tiwa)
- ▶ Manje, bwè, sèvi avèk tabak, oswa manje
chiklèt.
- ▶ Manyen vesèl, oswa istansil, oswa ekipman
ki sal
- ▶ Mete fatra deyò, oswa fè lòt travay ki pa
konte kòm pare manje
- ▶ Manyen nen w, bouch ou, oswa nenpòt ki
lòt kote nan kò w.
- ▶ Etènye, tousé, oswa sèvi avèk yon papye
mouchwa jetab.
- ▶ Okipe, oswa manyen bét nan kay oubyen bét
nan dlo.
- ▶ Fin fè nenpòt aktivite ki ka kontaminen men ou.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou kesyon lave men ak ijyèn
pèsonnèl nan seksyon 590.002; FC 2-301 ak FC 2-302 nan Retail
Food Code (Règleman pou Manje an Detay).

Haitian Creole